



PERSONAL | PASSIONATE | PROGRESSIVE

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY



PLAN AKADEMIK AK KONTINWITE ENSTRIKSYONÈL

Plan pou Kenbe Aprantisaj a Distans

BOARD MEMBERS: MARY FISCHER, CHAIR, DISTRICT 1 | DEBBIE JORDAN, VICE CHAIR, DISTRICT 4 | MELISA W. GIOVANNELLI, DISTRICT 2
CHRIS N. PATRICCA, DISTRICT 3 | GWYNETTA S. GITTENS, DISTRICT 5 | BETSY VAUGHN, DISTRICT 6
CATHLEEN O'DANIEL MORGAN, DISTRICT 7 | GREGORY K. ADKINS, Ed.D., SUPERINTENDENT | ALAN L. GABRIEL, ESQ., BOARD ATTORNEY

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Plan Akademik ak Kontinwite Enstriksyonèl

Pou Fèmti Ijans Lekòl nan Konte Lee

TABLE OF CONTENTS

Entwodiksyon 2

Plan pou Kenbe Aprantisaj a Distans 2

- Distribisyon Materyèl ak Chromebook 3
- Prezans 3

Livrezon Kourikoulòm 4

- Resous Dijital pou Sijè Akademik yo 4
- Resous Dijital pou Kou Ochwa ak Lòt Pwogram 5
- Livrezon Konteni 6
- Kourikoulòm pou Jaden Danfan (Pre-K) 6
- Kourikoulòm Modify pou ESE 7
- Akomodasyon pou ELL 7
- Liy Dirèk ESE ak ELL 7

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Entwodiksyon

Lè li nesesè pou aplike fèmte lekòl yo akòz move tan oswa lòt sitiyasyon ijans, Distri Lekòl nan Konte Lee pral fè tout efò pou asire ke opòtinite edikasyonèl elèv nou yo kontinye. Distri a mete disponib yon koleksyon konteni konplè sou entènèt ak resous dijital epi li bay aparèy mobil pou elèv yo ka itilize lakay yo pou ke elèv nan distri a (ki pa nan lekòl endepandan) ka kontinye travay aprantisaj yo san entèripsyon.

Pandan ke plan ansèyman sa a te kreye pou lekòl nan distri nan Konte Lee yo, lekòl endepandan yo ka chwazi pou swiv plan an si yo gen teknoloji mobil nesesè ak zouti lojisyèl. Lekòl endepandan yo pa sipoze swiv plan sa a, e yo ka aplike plan ijans ki pi byen adapte ak bezwen espesifik yo. Paran elèv lekòl endepandan yo dwe kontakte lekòl pitit yo pou yo ka gen plis enfòmasyon sou disponiblite aparèy mobil yo.

Plan Akademik ak Kontinwite Enstriksyonèl la gen twa pati:

- Plan pou Kenbe Aprantisaj a Distans:
 - Plan pou Kenbe Aprantisaj a Distans eksplike etap distri a ap pran pou asire ke nenpòt elèv ki bezwen yon aparèy mobil jwenn aksè resous ansèyman pandan dire fèmte lekòl yo, ansanm ak pwosesis pou yo dokimante prezans yo.
- Livrezon Kourikoulòm:
 - Livrezon kourikoulòm eksplike ki resous elèv yo pral itilize pou ansèyman debaz ak ki materyèl yo ka itilize kòm resous sipleman tè pou amelyore ansèyman debaz yo, ansanm ak pwosedi pwofesè yo pral swiv pou sipòte pwogram etid yo.

Plan pou Kenbe Aprantisaj a Distans

El Nou ap fasilite aprantisaj a distans atravè òdinatè Chromebook*

- Pwofesè yo ap itilize aprantisaj a distans atravè Sal Klas Google e yo ap itilize materyèl nan entènèt.
- Sèlman elèv ki nan kourikoulòm modifiye (ESE) kap resewva enstriksyon Aprantisaj Sistèm Inik.

[KIJAN POU MWEN KONNEN SI PITIT MWEN AN NAN YON KOURILOULÒM MODIFYE OUBYEN ESTANDA?](#)

* *Remak: Yo ka bay kopi materyèl kourikoulòm pou elèv ki pa gen aksè entènèt lakay yo ak elèv ki gen andikap.*

Pou Aksede Launchpad Lakay Ou

[Klike la](#) pou ou ka aksede ak jwenn lòt direksyon sou LaunchPad lakay ou.

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Distribisyon Òdinatè Chromebook ak Kopi Materyèl**Para las Familias****1. Èske kay ou a gen aksè entènèt ak yon LCSD Chromebook, òdinatè pa ou, ak/oswa tablèt?**

- Sí. Wi. Mwen prè ... rete tann yon mesaj nan Lekòl Mesaj la.
 - Mwen pa sèten si mwen resevwa mesaj? Klike la pou aprann koman pou enskri pou resevwa mesaj.
 - Ou toujou gen pwoblèm? Rele lekòl la, tcheke sou sit entènèt lekòl la, oswa tcheke chèn televizyon Access Lee School TV.
- Non, Gade Kesyon nimewo 2

Remak: Si fanmi ou gen aksè nan yon òdinatè lakay ou ak aksè entènèt e ou pagen LCSD Chromebook, nou sipliye w pou w pa mande yon Chromebook pou nou ka pi byen sèvi fanmi ki nan bezwen yo.

2. Èske kay ou a gen aksè entènèt men ou pa genyen LCSD Chromebook, òdinatè pa ou, ak/oswa tablèt?

- Wi. Ou ka vini pran yon LCSD Chromebook nan lekòl pitit ou a. Rete tann pou yon mesaj nan Lekòl Mesaj la.
- Non. Ou ka vini pran kopi materyèl kourikoulòm nan lekòl pitit ou a.

3. Èske moun lakay ou gen aksè entènèt?

- Non. Lekòl yo ap ede fanmi yo jwenn kopi materyèl pwogram edikatif. Rete tann pou yon mesaj nan Lekòl Mesaj la.

Plan Pou'w Tcheke Prezans Ou

- O kòmansman chak semen, montre pwofesè ke'w prezan atravè sal klas Google.
- Si'w pa gen aksè teknoloji lakay ou, rele lekòl la pou'w rapòte prezans ou.
- Si'w pa rapòte prezans ou, wap resevwa yon mesaj atravè Mesaj Lekòl la. Tanpri reponn a mesaj sa pou'w konfime patisipasyon'w.

*Remak: Plan sa ka chanje selon avi Depatman Edikasyon nan Florid.

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Livrezon Kourikoulòm

Resous Dijital pou Sijè Akademik yo

		Materiales de Contenido							Materiales Suplementarios							
		Compass	Edgenuity	i-Ready	Expert 21	Language Live	Read 180	System 44	ALEKS	Khan Academy	CK - 12	BrainPOP	Florida Students.org	Math Nation	Overdrive	SAFARI Montage
K-5	Lang Anglè/ Lekti	x		x			x	x				x	x		x	x
	Matematik	x		x						x	x	x	x		x	x
	Syans										x	x	x		x	x
	Syans Sosyal										x	x	x		x	x
6-8	Lang Anglè/ Lekti	x	x		x	x	x	x				x	x		x	x
	Matematik	x	x						x	x	x	x		x	x	x
	Syans		x								x	x			x	x
	Syans Sosyal		x								x	x			x	x
9-12	Lang Anglè/ Lekti	x	x				x	x				x			x	x
	Matematik	x	x						x	x	x	x		x	x	x
	Syans		x							x	x	x			x	x
	Syans Sosyal		x							x	x	x			x	x

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Resous Dijital pou Kou Ochwa ak Lòt Pwogram

		Edgenuity	Khan Academy	CK - 12	BrainPOP	Overdrive	SAFARI Montage
K-5	Desen				X	X	X
	Mizik				X	X	X
	Edikasyon Fizik				X	X	X
6-8	Desen				X	X	X
	CTE		X	X	X	X	X
	Mizik				X	X	X
	Edikasyon Fizik				X	X	X
	Aprantisaj Emosyon Sosyal				X	X	X
	Lang Mondyal				X	X	X
9-12	Desen		X		X	X	X
	CTE		X	X	X	X	X
	Mizik				X	X	X
	Edikasyon Fizik	X			X	X	X
	Aprantisaj Emosyon Sosyal				X	X	X
	Lang Mondyal	X			X	X	X

Tanpri, tann pou lekòl la baou plis enstriksyon konsènan materyèl edikatif santral yo. Resous dijital yo kreye kòm "Materyèl Esansyèl" te chwazi paske yo gen kapasite yo nan swiv pwogrè elèv yo, bay aktivite nòt, ak tcheke tan yo fè nan travay la.

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Livrezon konteni: *Elèv yo ap gen aksè ak materyèl dijital e aktivite ansèyman pou yo rete angaje nan aprantisaj pandan peryòd ke lekòl yo rete fèmen.*

Plan para los Estudiantes

Lekòl Elemantè*	Lekòl Primè ak Lekòl Segondè*
<p style="text-align: center;">Materias de Contenido</p> <ul style="list-style-type: none"> • Anrejistre nan sal klas Google la pou prezans ak enstriksyon kontinyèl 📄 • Rapòte prezans ou bay pwofesè yo atravè sal klas Google 📄 • Konplete enstriksyon sou entènèt pou Lang Anglè, Matematik, syans, ak syans sosyal (4yèm ak 5yèm ane) <p style="text-align: center;">Oswa</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chak jou konplete enstriksyon travay ki baze sou estanda 📄 	<p style="text-align: center;">Sijè Esansyèl/Elèktif*</p> <ul style="list-style-type: none"> • Anrejistre nan sal klas Google la pou prezans ak enstriksyon kontinyèl • Rapòte prezans ou bay pwofesè yo atravè sal klas Google • Konplete enstriksyon sou entènèt pou Lang Anglè, Matematik, Syans Sosyal, syans, ak lòt kou elèktif yo pandan orè nòmal yo. <p style="text-align: center;">Rekiperasyon Kredi*</p> <ul style="list-style-type: none"> • Elèv nan lekòl primè (6-8) ak lekòl segondè (9-12) ki ap itilize Edgenuity pou rekiperasyon kredi ak rekiperasyon kou, respektivman, dwe kontinye travay sou kou yo pandan orè nòmal yo. <p style="text-align: center;">Lekti Entansif/Avanse*</p> <ul style="list-style-type: none"> • Elèv ki nan lekòl primè (6-8) kap itilize yon pwogram lekti avanse sipleman tè dwe kontinye travay sou pwogram yo pandan orè nòmal yo • Elèv ki nan lekòl primè (6-8) kap itilize yon pwogram lekti entansif sipleman tè dwe kontinye travay sou pwogram yo pandan orè nòmal yo • Elèv nan lekòl segondè (9-12) kap itilize yon pwogram lekti entansif sipleman tè dwe kontinye travay sou pwogram yo pandan orè nòmal yo

Kourikoulòm pou Jaden Danfan (Pre-K)

<ul style="list-style-type: none"> • Anrejistre nan sal klas Google la pou prezans ak enstriksyon kontinyèl 📄 • Rapòte prezans ou bay pwofesè yo atravè sal klas Google 📄 • Konplete enstriksyon sou entènèt yo 📄 <p style="text-align: center;">Oswa</p> <ul style="list-style-type: none"> • Chak jou konplete enstriksyon travay ki baze sou estanda 📄
--

THE SCHOOL DISTRICT OF LEE COUNTY

Kourikoulòm Modifye pou ESE

Lekòl Elemantè	Lekòl Primè ak Lekòl Segondè
<ul style="list-style-type: none"> Anrejistre nan sal klas Google la pou prezans ak enstriksyon kontinyèl 📄 Rapòte prezans ou bay pwofesè yo atravè sal klas Google 📄 Konplete enstriksyon sou entènèt yo atravè Sistèm Aprantisaj Inik Oswa Chak jou konplete enstriksyon travay ki baze sou estanda 📄 	<ul style="list-style-type: none"> Anrejistre nan sal klas Google la pou prezans ak enstriksyon kontinyèl 📄 Rapòte prezans ou bay pwofesè yo atravè sal klas Google 📄 Konplete enstriksyon sou entènèt yo atravè Sistèm Aprantisaj Inik Oswa Chak jou konplete enstriksyon travay ki baze sou estanda 📄

Akomodasyon pou Elèv ELL yo

Elèv ki ap Aprann Anglè

Lekòl Elemantè	Lekòl Primè ak Lekòl Segondè
<p>Snap ak Lekti</p> <p>Diksyonè nan Entènèt (vizyèl ak definisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> Merriam-Webster learner's Dictionary Collins Bilingual Dictionary English-Haitian Creole Translator Google Translate Bilingual Content glossaries Duolingo (to practice English skills) <p>Pwogram Siplemanntè pou elèv ki deja gen aksè ak pwogram sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Imagine Learning BrainPop ESL 	<p>Snap ak Lekti</p> <p>Diksyonè nan Entènèt (vizyèl ak definisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> Merriam-Webster learner's Dictionary Collins Bilingual Dictionary English-Haitian Creole Translator Google Translate Bilingual Content Glossaries Duolingo (to practice English skills) <p>Pwogram Siplemanntè pou elèv ki deja gen aksè ak pwogram sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> Rosetta Stone BrainPop ESL Imagine Math Fast ForWord

Akomodasyon pou ESE e ELL ak Liy Dirèk

[Liy Direk Sipò pou Paren Elèv ESE yo](#)
239-337-8104 (7:00 - 5:00, Lendi-Vandredi)

[Liy Direk Sipò pou Paren Elèv ELL yo](#)
239-337-8619 (7:00 - 5:00, Lendi-Vandredi)